

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK JEYOGRAFI
JENERAL

Madi 15 jen 2010 — 1:15 jiska 4:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv sa a, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi detache fèy repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

Pati I an gen 50 kesyon ki gen repons ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou divès dokiman:

Seksyon A nan Pati III a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non ou ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Pati III a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I an, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo pap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a..

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab epi ou pap jwenn nòt pou li.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

1 Ki dokiman ki konsidere kòm yon sous primè?

- (1) atik ansiklopedi
- (2) liv modèn
- (3) biyografi
- (4) korespondans pèsònèl

2 Ki tit ki pi byen konplete plan pasyèl ki anba la a?

I. _____

- A. Sitiye nan yon rejyon vòlkan ak tranblemanntè
- B. Gen resous mineral limite
- C. Konsantrasyon popilasyon nan plèn lakòt yo

- (1) Karakteristik Jeyografik Japon
- (2) Defi Anviwònman nan Mongoli
- (3) Pwoblèm Ekonomik ki Genyen nan Arabi Sawoudit
- (4) Faktè ki Afekte Endistriyalizasyon Britanik

3 Ki devlopman Revolisyon Neyolitik ki te mennen lèt twa yo?

- (1) sivilizasyon konplèks
- (2) manje an abondans
- (3) divizyon travay
- (4) domestikasyon plant ak bèt

- 4 • Rivyè Ganges sakre pou pèp ki pratike Endouyis.
• Anjeneral, espas pelerinaj pou Chenyotis sitiye toupren montay ak lak.
• Rivyè Jordan se yon espas kote yo fè anpil batèm kretyen.

Ki konklizyon ki pi valab selon deklarasyon ki asosye ak sistèm kwayans?

- (1) Mwayennoryan se te bèso sistèm kwayans sa yo.
- (2) Dlo jwe yon wòl enpòtan nan sistèm kwayans sa yo.
- (3) De rejyon pèleren jiska rejyon montay yo jwenn ankourajman nan sistèm kwayans sa yo.
- (4) Entèpretasyon lanati se yon egzijans sistèm kwayans sa yo.

Sèvi ak ilustrasyon ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 lan.



Sous: Wilson G. Turner, *Maya Designs*,
Dover Publications

5 Ki eleman sivilizasyon ki montre travay atistik Maya yo pi aklè?

- (1) ibanizasyon
- (2) yon sistèm edikasyon
- (3) yon kòd lalwa
- (4) klas sosyal yo

6 Ki reyalizasyon ki pi asosye depre avèk dinasti Tang ak dinasti Song peyi nan Lachin?

- (1) wou ak etriye
- (2) chinampas ak almannak
- (3) poud kanon an bwa ki kapab deplase
- (4) mozayik ak koupòl

7 Kore te sèvi souvan kòm yon pon kiltirèl ant


- (1) Kanbòdj ak Vyetnam
- (2) Lawisi ak Lend
- (3) Tailande ak Endonezi
- (4) Lachin ak Japon

8 Ki sitiyaasyon ki te sèvi kòm fòs debaz alinison nan Ewòp-de-Lwès medyeval?

- (1) lejislati
- (2) legliz
- (3) monachi
- (4) fòs lame

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.

Moun ki fè k vini nan Monn Women an, c. 526 anvan Jezi-Kri



Sous: Lim and Smith, *The West in the Wider World, Sources and Perspectives, Vol. 1*, Bedford/St. Martin's (adapte)

9 Ki konkлизyon ki ka fèt konsènan mond Women an vè ane 526 anvan Jezi-Kri nan enfòmasyon ki sou kat jeyografik sa a?

- (1) Gaulois yo te domine echanj komèsyal nan Lanmè Meditèrane.
- (2) Wòm se te kapital tout rejyon lwès la.
- (3) Rejyon lès la te fè yon sèl anba Lanpi Bizanten.
- (4) Separasyon ant pati lès ak pati lwès Wòm te swiv fwontyè natirèl yo.

10 Ki chanjman Martin Luther te sijere pou pratik legliz kretyen?


- (1) ogmantasyon lavant endiljans
- (2) enstalasyon estati sen nan legliz yo
- (3) fè mès nan lang Laten pou fidèl yo te kapab aprann li
- (4) ekri bib la nan yon fason pou tout moun te kapab li Labib

11 Komès trans-saharyen sivilizasyon Afrik-de-Lwès yo te fè te baze sitou sou yon echanj de

- (1) lò ak sèl
- (2) ivwa ak swa
- (3) ajan ak te
- (4) bwa di ak po bèt

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 12 la.

Modèl Ibanizasyon: Prima [Premye] ak Dezyèm Vil yo, 650–1500



Sous: K.N. Chaudhuri, *Trade and Civilization in the Indian Ocean*, Cambridge University Press (adapte)

12 Dapre enfòmasyon ki endike nan kat jeyografik sa a, ki deklarasyon ki egzat konsènan zòn iben ant ane 650 ak 1500?

- (1) Pifò ibanizasyon te fèt nan Emisfè Sid la.
- (2) Pifò ibanizasyon asosye avèk yon klima twopikal.
- (3) Pifò zòn iben yo te sitiye nan Ewòp.
- (4) Pifò zòn iben yo te devlope toupre wout navigab.

13 Lachin wè tèt li kòm yon Lanpi omilye ki asosye avèk


- (1) aksepte lide ak enfliyans etranje
- (2) melanje relijyon lwès yo avèk filozofi chinwa tradisyonèl
- (3) kontwòle kijan kontak fèt avèk lòt kilti yo
- (4) bati Gran Kannal pou devlope echanj komèsyal nan Lachin

14 Ki faktè ki te pi enfliyanse devlopman divès kilti nan Amerik-di-Sid pre-kolonbyen?

- (1) akò pou echanj komèsyal
- (2) karakteristik jeyografik
- (3) lide relijye enpòte
- (4) revòlt peyizan

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konsepsyon ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 lan.

Wout Komèsyal Ant Ansyen ak Nouvo Mond yo



Sous: Marvin Perry et al., *Western Civilization: Ideas, Politics & Society*, Houghton Mifflin, 2000 (adapte)

15 Selon enfòmasyon ki endike sou kat jeyografik sa a, yo te pwodui pifò byen manifakti nan

- | | |
|-------------------|---------------------|
| (1) Antiy yo | (3) koloni Anglè yo |
| (2) Lwès Antiy yo | (4) Afrik |

16 Ki yon karakteristik enpòtan ki te genyen nan yon monachi absoli nan 16yèm ak 17yèm syèk?

- (1) otorite gouvènman santral
- (2) ogmante dwa politik pou peyizan ak sèf yo
- (3) libète relijyon
- (4) yon sistèm pouvwa ekilibre

17 Siyati Magna Carta nan ane 1251 ak Revolisyon Gloryez nan ane 1688 se te evènman kle nan istwa angle paske yo te lakòz

- (1) kreyasyon alyans avèk Lafrans
- (2) defèt nòb pwotestan yo
- (3) limite pouvwa monachi a
- (4) aneksyon teritwa

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 la.

... Mongòl yo pa t fè okenn pwogrè teknolojik, yo pa t kreye nouvo relijyon, yo te ekri kèk nouvo liv oswa pyès teyat, epitou yo pa t bay lemond okenn nouvo danre oswa metòd agrikilti. Pwòp atizan yo pa t kapab tise twal, yo pa t kapab fonn metal, yo pa t kapab fè potri, oswa menm yo pa t kapab kwit pen nan fou. Yo pa t manifaktire ni pòslèn ni potri, yo pa t ka pentire imaj, epitou yo pa t konstwi gwo imèb an etaj. Epoutan, etan lame yo an t ap konkeri kilti apre kilti, yo te rasanble epi pase tout talan sa yo de yon sivilizasyon a yon lòt. . .

— Jack Weatherford

18 Konklizyon pasaj sa a endike ke Mongòl yo

- (1) te rejte teknoloji
 - (2) te yon pèp pèzib
 - (3) te ibanize
 - (4) te kontribye nan pwopagasyon kilti
-

19 Anpil filozòf Syèk Limyè te itilize rezon pou

- (1) ranfòse kwayans tradisyonèl
- (2) ranfòse otorite relijye
- (3) devwale dwa natirèl
- (4) ankouraje sansi

20 Inifikasyon Lalmay anba Otto von Bismarck montre

- (1) enfliyans ideyoloji Marxist
- (2) konsekans nasyonalis
- (3) fòs dezobeyisans sivil
- (4) pouvwa ideyal demokratik

21 Kisa ki te yon rezilta Revolisyon Endistriyèl nan Ewòp?

- (1) devlopman klas mwayèn nan
- (2) yon ogmantasyon nan twoupo nomadik
- (3) yon rediksyon nan popilasyon iben
- (4) yon rediksyon nan komès entènasyonal

22 Yon rezon ki fè Kanal Syèz te gen enpòtans estratejik pou peyi yo eksepte pou Lejip sèke kanal la

- (1) te pèmèt mouvman pi rapid ant Oseyan Atlantik Nò ak Oseyan Endyen
- (2) te pèmèt Ewopeyen yo eksplòre Emisfè Oksidantal la
- (3) te fè li pi fasil pou Lawisi vin gen kontwòl Afganistan
- (4) te ofri Lanpi Ostwo-Ongwa aksè nan koloni li yo nan Azi-di-Sid

23 Nan ki zòn nan mond lan yon gwo pati te vin sou kontwòl kolonyal ewopeyen nan 19yèm syèk la?

- (1) Japon
- (2) Sidwès Azi
- (3) Afrik
- (4) Amerik Latin

24 Yon resanblans ant Rebelyon Sepòy nan Lend ak Rebelyon Boksè nan Lachin sèke toulède rebelyon yo te

- (1) eseye pou retire enfliyans etranje
- (2) fè demach pou etabli gouvènman kominis yo
- (3) fè efò pou retounen avèk monopòl komèsyal yo
- (4) batay pou oksidantalize kilti

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 lan.

Obsèvasyon yon Sòlda nan Premyè Gè Mondyal

Ofisyè Archie Surfleet, 8 fevriye 1918 — Nou te nan kan nan yon forè bwa tou prè Écurie pandan kèk jou kounye a epi yon egzistans pi mizerab ki ta difisil pou imajine. Pa genyen anyen, sof troub ak dout epitou tout moun ki isit la pa kapab sipòte ankò.

— Malcolm Brown, *Tommy Goes to War*

25 Ki deklarasyon pasaj sa a kapab sipòte pi byen?

- (1) Fòs alye yo te pral genyen lagè a.
 - (2) Teknoloji avyon te kreye yon enpas militè.
 - (3) Revolisyon nan Lawisi te lakòz lagè a fini pi vit.
 - (4) Kondisyon yo te kontribye nan moral twoup yo ki te vin bese.
-

- 26 Yon rezon ki fè Lig Nasyon te echwe kòm yon òganizasyon mondyal sèke li
- (1) te sipòte pwopagann leta fachis yo
 - (2) pa t genyen yon fòs militè pou rezoud konfli yo
 - (3) te fè fas avèk konfli lè li te kreye blokis naval
 - (4) te ankouraje aneksyon teritwa avèk lafòs
- 27 Envazyon Japon nan Lachin nan ane 1937 ak atak Almay sou Lapòlòy nan ane 1939 te mennen dirèkteman a
- (1) kòmansman Dezyèm Gè Mondyal nan Azi ak Ewòp
 - (2) yon rankont nan Yalta ant Etazini ak Inyon Sovyetik
 - (3) yon konferans nan Munich pou kòmandan an chèf ewopeyen yo
 - (4) retrè Grannbretay ak Lafrans nan zafè ewopeyen
- 28 Yo konsidere Pwosè Nuremberg kòm yon evènman enpòtan nan 20yèm syèk la paske yo
- (1) te mete yon pwen final nan jenosid
 - (2) te kondane itilizasyon zam nikleyè
 - (3) te deside sou dispozisyon pou okipasyon Almay apre lagè a
 - (4) te etabli prensip responsablite pou vyolasyon dwa moun
- 29 Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN) te fòme dabò pou
- (1) ankouraje libète relijye
 - (2) defann Ewòp-de-Lwès kont agresyon sovyetik
 - (3) izole nasyon manm yo kont rès monn lan
 - (4) sipann tout aktivite imigrasyon ant nasyon manm yo
- 30 Ki yon chanjman sosyal Mao Zedong te fè nan Lachin apre ane 1949?
- (1) akòde egalite legal pou gason ak fanm
 - (2) egzije maryaj aranje
 - (3) adopte pratik pye bande
 - (4) otorize Konfisyenis kòm filozofi leta

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 ak 32.




Sous: Dana Summers, *The Orlando Sentinel*, 1989

- 31 Desen 1989 sa a sijere gouvènman Lachin ak Almay-de-Lès
- (1) te retire fòs lame nan pouvwa
 - (2) te pèmèt dominasyon otokratik chanje pou vin fachis
 - (3) te bay pèp la dwa pou deside kijan pou yo ta dirije yo
 - (4) te jwenn difikilte nan kapasite yo pou konsève gouvènman kominis yo
- 32 Ki evènman nan Lachin ki reprezante nan senbòl “Fi ak Limyè a” nan desen 1989 sa a?
- (1) Mach Long
 - (2) Gwo Pa Annavan
 - (3) Revolisyon Kiltirèl
 - (4) manifestasyon Plas Tiananmen
-
- 33 Ki deklarasyon konsènan Nasyonzini ki se yon reyalyte olye de yon pwendvi?
- (1) Nasyonzini gen twòp angajman pou li vin efikas.
 - (2) Nasyonzini ta pi efikas si biwo santral li te ale an Ewòp.
 - (3) Manm Nasyonzini yo te vin ogmante aprè li te fin fòme.
 - (4) Nasyonzini te reyalyze pifò objektif li yo avèk siksè.

Sèvi ak tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 la.

Afrik-di-Sid: Dizan Apre Apated



Sous: *New York Times*, April 26, 2004 (adapte)

34 Ki konklizyon ki kapab fèt sou ekonomi Afrik-di-Sid nan tablo sa a?

- (1) Depi fen apated la, pifò moun nwa yo te vin genyen egalite ekonomik.
- (2) Nan kèk sektè ekonomi an, moun nwa yo touche plis lajan pase moun blan yo.
- (3) Malgre fen apated la, anpil moun nwa kontinye ap goumen sou plan ekonomik.
- (4) Opòtinite ekonomik pou moun nwa yo asosye dirèkteman avèk refòm edikasyon an.

35 Ki deklarasyon ki asosye pi dirèkteman avèk konfli Arab-Izrayelyen?

- (1) Deklarasyon Balfour
- (2) Pwotokòl Kyoto
- (3) manifès Kominis
- (4) Trete Nanjing

36 “Konfyans sou Petwòl Enpòte Bay Plis Enkyetid nan Lachin, Ewòp ak Etazini”

“Coca-Cola Jwenn Akizasyon poutèt Li Gaspiye Dlo Presye nan Lend”

“Konpetisyon pou Kontwòl Min Kobalt Lakòz Vyolans nan Kongo”

Tit sa yo pi byen ilistre konsèp ekonomik

- (1) enflasyon
- (2) anbago
- (3) bòykòt machandiz
- (4) rate resous

37 Endistriyalizasyon rapid nan peyi anvwa devlopman yo te souvan lakòz

- (1) ti devlopman nan sant iben yo
- (2) diminye nan nivo polisyon an
- (3) kontinyasyon lide tradisyonèl nan travay
- (4) yon gwo espas ant moun rich ak moun pòv

38 Yon fason Baraj Dam nan Lejip ak Baraj Three Gorges nan Lachin sanble sèke toulède

- (1) konvèti dlo sale an dlo fre
- (2) eksplwate fòs natirèl pou pwodui enèji
- (3) pwokire angrè pou pwodiksyon agrikòl
- (4) konekte ti etandi dlo ak pi gwo etandi dlo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 39 la.

. . . Laverite terib la sèke echèk pou eradike [detwi] kòz rasin teworis la prèske sèten pou pwolonje Laj Teworis la, pa gen anyen klè ki montre yo kapab eradike vrèman. Li ta ka fasil pou apeze ekstremis yo, men sa kapab pa mache. Si yo pèmèt yo genyen sa ta kapab vle di yo aksepte dominasyon satan. Ankouraje demokrasi ak gouvènman transparan ta ka solisyon final la, men sa kanpe sou yon fondasyon konseptyèl enstab ipotèz ki pa teste konsènan lanati monn lan ak divès kilti.

Malerezman, monn lan rive nan yon pwen kote li kapab wè danje teworis la men pa remèd la. Sak pi rèd la, yon remèd kapab pa egziste.

— Steven Metz, "Can Terrorism Be Cured?," Project Syndicate

39 Otè pasaj 2006 sa a konkli teworis

- (1) pa t pran rasin
- (2) bezwen yon repons militè puisan
- (3) ekstrèmman difisil pou bat
- (4) ap metrize nan diplomasi

40 Yon fason aksyon Alexandre Legran, Saladin, ak Shaka Zulu sanble sèke chak te aplike

- (1) estrateji militè pou pote laviktwa sou opozan yo
- (2) konstitisyon pou defini pouvwa politik yo
- (3) règ pou ogmante pèsèkasyon relijye
- (4) chanjman legal pou pwoteje dwa moun


41 Nan sistèm kas endou ak nan hierarchie sosyal Amerik Latin kolonyal, anjeneral yo te detèmine sitiyaasyon yon moun selon

- | | |
|---------------|------------|
| (1) edikasyon | (3) nesans |
| (2) richès | (4) pouvwa |

42 Yon fason vwayaj Marco Polo ak Ibn Battuta sanble sèke yo chak

- (1) te kòmanse migrasyon an mas nan Ewòp
- (2) te ankouraje enterè nan lòt kilti yo
- (3) te lakòz etablisman koloni yo
- (4) te pèmèt dekouvèt akeyolojik nan Afrik

Sèvi ak òganizatè grafik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.



43 Ki tit ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?

- (1) Karakteristik Laj Lò Enka
- (2) Rezon pou Reconquista
- (3) Rezilta Nouvo Plan Ekonomik Lenin
- (4) Karakteristik Plan Machal

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 la.

. . . Te vin gen separasyon daprè yon diskisyon sou ki moun ki ta dwe vini apre Pwofèt Muhammad apre lanmò li nan 632 Avan Jezi Kris. Kèk fidèl te kwè yo te dwe chwazi siksesè li selon konsansis tribal, epi yo te lonmen youn nan moun ki te pwòch Muhammad kòm premye kalif, oswa kòm dirijan espiritiyèl. Men lòt moun yo te panse siksesè a ta dwe sòti dirèkteman nan fanmi Pwofèt la, sètadi kouzen ak bofis li, Ali. . . .

Sous: *National Geographic*, June 2004

44 Sitiyaasyon ki dekri nan pasaj sa a te lakòz

- (1) pogwòm nan Lawisi
- (2) chit Konstantinòp
- (3) divizyon Sinit ak Chit
- (4) tansyon ant Pwotestan ak Katolik

Sèvi ak tras blòk bwa ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 lan.



Sous: James L. Huffman, *Modern Japan, A History in Documents*,
Oxford University Press

45 Nan ki peryòd istwa japonè a chanjman ki endike nan tras blòk bwa sa a te fèt?

(1) tribinal Heian

(3) Restorasyon Meiji

(2) rèy shogun Tokugawa

(4) okipasyon Etazini

46 Ant ane 1300 ak 1600, ki sistèm ekonomik ki te kòmanse devlope kòm yon rezilta transfòmasyon nan echanj komèsyal monn lan?

- (1) sosyalis
- (2) kapitalis
- (3) kominis
- (4) manoryalis

47 Itilizasyon melanj karavèl, bousòl, ak astwolab nan fen ane 1400 yo te ede lakòz

- (1) migrasyon Bantou yo
- (2) eksplorasyon Lamerik yo
- (3) entwodiksyon Boudis nan pati Lès Azi
- (4) vwayaj Zheng He

48 • konsantrasyon sou siksè endividyèl
• Itilizasyon lide klasik grèk ak women
• Travay atistik Leonardo da Vinci

Ki peryòd tan ki asosye pi pre avèk karakteristik sa yo?

- (1) Lajdò Hellenistique
- (2) Kòmansman Mwayennaj
- (3) Renesans Ewopeyen
- (4) Revolisyon Syantifik

49 • Women yo detwi tanp lan nan Jerizalèm.
• Ofisye britanik yo separe Lend.
• Hutu ak Tutsi yo t ap goumen nan Gè Sivil Wanda.

Yon fason evènman sa yo sanble sèke yo chak te lakòz

- (1) etablisman kòd legal inifòm
- (2) emigrasyon pèp ki kite peyi yo
- (3) entèvansyon kowalisyon fòs militè
- (4) akseptasyon nouvo fwontyè politik

50 Kilès nan gwoup sa yo ki te sipòtè prensipal revolisyon kominis yo nan 20yèm syèk la?

- (1) pè ak atizan yo
- (2) boujwazi ak noblès
- (3) antreprenè ak kapitalis
- (4) travayè ak peyizan

Paj sa a rete vid touteksprè

ALE NAN PWOCHEN PAJ LA ⇨

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon pou oswa kòz; montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (b) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale osijè de li”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a ak yon konklizyon.

Tèm: Chanje — Lide

Lide moun te genyen yon gwo enfliyan sou gwoup, nasyon, ak rejyon.

Sa pou fè:

Chwazi **de** moun epi pou yo **chak**

- Eksplike yon lide espesifik moun lan devlope
- Dekri sikonstans istorik ki antoure devlopman lide a
- Diskite sou fason lide a te enfliyanse yon gwoup **oswa** yon nasyon **oswa** yon rejyon

Ou kapab itilize moun ki gen lide ki genyen yon gwo enfliyan nan etid istwa global ou. Pami sijesyon ou ta ka konsidere, genyen Confucius, Niccolò Machiavelli, Galileo Galilei, John Locke, Simón Bolívar, Karl Marx, Kemal Atatürk, Nelson Mandela, Deng Xiaoping, ak Mikhail Gorbachev.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa ekri anyen sou okenn moun nan Etazini nan repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp, ak detay
- Itilize yon plan byen òganize lojik epi ki klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik

Toupatou nan listwa, faktè jeyografik tankou *dezè*, *mouson*, ak *klima frèt* te genyen divès kalite efè sou diferan rejyon.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan syans istwa jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande ou pou

Chwazi *de* faktè jeyografik ki te endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri faktè jeyografik la
- Diskite sou efè faktè jeyografik sa a te genyen sou yon rejyon espesifik oswa sou rejyon yo

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

(b) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale osijè de li”

(c) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

. . . Sechrès ak debwazman nan Nò Afrik tounen yon kote dezole nan Sahara, dezè ki pi gran sou latè. Nan imajinasyon popilè, yo konsidere Sahara kòm yon dezè ak pil sab anpile; epoutan se yon rejyon peyizaj pi varye, li varye soti nan gran masif [tè wo] Ahaggar ak Tibesti avèk fòmasyon de gwo kokennchenn wòch ak volkanik a pik yo rive sou gwo plèn yo oubyen gwo pil sab trè laj ki toujou ap chanje. Dezè a pa sèk nèt—nan sèten pati, sitou sou lizyè nò yo, bon jan dlo anba tè sipòte kote ki gen yon kilti byen etabli ni li pa manke [san] vejetasyon nèt. Sepoutèsa gason yo te twouve li posib pou jwenn yon lavi miyò nan Sahara ke se te kòm kiltivatè oubyen leve zannimo [bèje] lòt kote. . . .

Sous: Robin Hallett, *Africa to 1875: A Modern History*, The University of Michigan Press, 1970

1 Ki **yon** karakteristik Dezè Sahara, selon Robin Hallett? [1]

Score

Dokiman 2

. . . Pandan plizyè syèk, kontak sa yo [ant Afrik-di-Nò ak andedan] te limite pa nati Sahara limenm. Avèk plis pase 3 milyon mil kare an sifas, Sahara se pi gwo dezè sou latè. Paske tanperati pandan lajounen kapab monte jiska 120 degre Farenmayt epi pwovizyon dlo yo limite, vwayaj 40 jou nan dezè a mande kouraj, detèminasyon, ak planifikasyon pridan. Yo te wè vwayajè ki te vini separe avèk konpayon raman ankò. Pwomnad nan trans-Sahara te vin pi fasil apre 4yèm syèk anvan Jezi-Kri, lè yo te entwodui chamo alapas cheval; chamo yo kapab vwayaje pou yon long distans san dlo, epitou Yo gen pi gwo sabo ki rann li pi fasil pou yo mache sou sab la. Men, anpil kontak ant Afrik-di-Nò ak andedan an pa t kòmanse jouk nan 7yèm syèk, lè te genyen yon chanjman revolisyonè nan lavi politik ak relijye rejyon an. A lè sa a, ansyen lanpi Meditèraneyen ak Mwayènoryan tap deklive oswa an fayit. Nan plas yo te genyen yon nouvo fòs puisan, Islam. . . .

Sous: Philip Koslow, *Ancient Ghana: The Land of Gold*, Chelsea House Publishers

2a Ki **yon** rezon ki fè vwayaj nan Dezè Sahara te difisil, selon Philip Koslow? [1]

Score

b Ki chanjman yo te adopte apre 4yèm syèk la pou fè vwayaj vin pi fasil, selon Philip Koslow? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Dezètifikasyon afekte dirèkteman 1.2 bilyon moun, epitou de plizanpli plis bon tè pou kiltive ap detui ane apre ane. Sa te prezante yon defi pou gouvènman yo ak ajans èd yo nan plis pase 110 peyi pandan kèk tan, epitou sa reprezante yon faktè ki kontribye nan povrete ak konfli rejyonal, pa egzanp nan Soudan. Sa te reprezante yon gwo pwoblèm tou nan Lejip, kote 90% mas tè peyi a se dezè. Akòz yon popilasyon k ap ogmante, gouvènman te oblije pran chaj pwojè nan vilaj ak lawouzaj pou moun yo viv ak travay. Nan Lachin, prèske de-tyè peyi a ak plis pase 400 milyon moun te afekte, zòn ki pi frape yo se te dezè Gobi ki nan nòdwès peyi a ak dezè Takla Makan ki nan lwès peyi a. . . .

Sous: Ute Schaeffer, "Deutsche Welle reporters on the ground,"
Down to Earth: News & Views on Desertification,
UNCCD, June 2006, Volume 21

3 Ki **yon** defi zòn yo genyen akòz dezètifikasyon, selon Ute Schaeffer? [1]

Score

Dokiman 4

Sou-kontinan Lend

. . Sèlman tanperati rejyon montay nò a ki rive anba zewo. Sezon cho a vini nan mwa mas avèk tanperati ki varye ant 80 a 90 degre toutolon lakòt yo depase jiska 100 degre nan Plenn Indo-Ganjetic la. Monssou sidwès ki pote imidite ki soti nan Oseyan Endyen ki lakoz sezon lapli a dire tout mwa jen jiska mwa septanm. Imidite isit la vle di 450 pous nivo lapli nan sèten kote toutolon lakòt lwès la ak nan eta Assam nan pwent nòdès la. Nan andedan an ak toutolon lakòt lès la, mousson sezon lete a deja pèdi pifò imidite li, epi nivo lapli kapab rive sèlman ant 40 ak 80 pous an mwayèn. Imidite Bè Bengal pote apeprè 120 pous lapli nan pati nòdès Lend ak Bangladèch. Mousson yo, van yo ki soufle pandan tout sezon an, vini de (2) fwa pa ane. Nòde oswa mousson livè soufle van soti sou tè nan lanmè nan pifò sou-kontinan an epi pote yon ti lapli. . . .

Sous: James I. Clark, *India: The Subcontinent: India, Pakistan, and Bangladesh*, McDougal, Littell & Company

4 Selon James I. Clark, kisa yon mousson ye? [1]


Score

Dokiman 5a

... Lanati te fòme tou ritm echanj komèsyal ak kote yo te pratike li avèk transpò ki gen kontrent [obstak]. Toupatou nan Azi maritim—ant Canton [Lachin] ak Mocca [sidès Arabi]—yo te endike orè echanj komèsyal la selon van mousson yo. Paskè van fò te soufle san rete nan yon sèl direksyon pandan plizyè mwa, epi answit yo te sispann, epi answit yo te soufle san rete nan lòt direksyon an pandan plizyè mwa, pa t gen mwayen pou batay ak van sa yo. Yon komèsan te ale lwen (oswa souvan li) mezi li te kapab nan yon direksyon epi li te rete nan zòn lan jouk lè van an te chanje direksyon; yon lòt komèsan ki te rive bonè te vin pran machandiz li yo, epi pou li te konnen konbyen tan nan pwochen sezon an li te kapab rete san pwoblèm epi pou li toujou gen ase jou van favorab pou ale lakay li. Answit, olye komèsan chinwa yo pase de (2) oswa plis sezon (ak ane) ap navige nètale, di, Persia avèk swa, li te fè plis sans pou navige nan yon sezon mousson ak fè echanj avèk moun lè yo rive nan mwayen wout epi retounen lakay avèk lansan ak tapi. Yon seri de gran magazen [sant komèsyal] te devlope nan kote tankou Melaka [Malacca], Surat [Lend], ak Muscat [Oman] ki te gen plis pou fè avèk distans yon komèsan kapab vwayaje la nan yon sezon navigasyon pase avèk ki machandiz ki te ka pwodui nan zòn lan. Rezilta a se te yon kokennchenn vil pòtyè kosmopolit toutolon litoral azyatik la trè enpresyonan [lakòz], men nan anpil ka vil sa yo pat gen tèlman yon bon relasyon avèk zòn ki tou pre pò [zòn deyò bò pò] yo. . . .

Sous: Pomeranz and Topik, *The World That Trade Created*, M. E. Sharpe, 1999 (adapte)

Dokiman 5b



Sous: "The West and the Spice Trade," Calliope, Cobblestone (adapte); Mountain High Maps, Digital Wisdom (adapte)

5 Dapre dokiman sa yo, ki **yon** fason mousson yo te afekte echanj komèsyal la nan Sidès Azi? [1]

Score

Dokiman 6a



Sous: Priit J. Vesilind, "Monsoons: Life Breath of Half the World,"
National Geographic, December 1984, Photograph by Steve McCurry
(adapte)

6a Ki **yon** pwoblèm moun ki nan rejyon Varanasi Lend te genyen depi lè mousson sezon lete 1983 yo te rive, selon foto *National Geographic* ak lejann li? [1]

Score

Dokiman 6b

Mousson an Reta yo

9 jen [1984]

. . . A minwi, yon silans ensipòtab te desann. Klimatizatè t ap fè bwi tanzantan pou sispann mache paske rasyònman kouran elektrik la te rive lakay kliyan ki nan [vil] Trivandrum. Tout enèji pou itilizatè endistriyel yo te deja koupe. Kounye a, sal sinema yo te limite sèlman a yon Pyès pa jou, lalwa te entèdi limyè avèk neyon, epi magazen yo te oblije fèmen lè solèy la kouche. . . .

Toupatou nan Lend, rezèwva yo te tounen madlo lè lapli te sispann tonbe sou tè. Apeprè mwatye kouran elektrik peyi a pwodui avèk enèji idwolik, epi avèk mousson yo. Gouvènman ofisyèl la te endike nan jounal yo avèk anpil enkyetid dènye lapli ki tonbe yo kapab detui [nuizib pou] pwodiksyon manje, fè enflasyon an vin pi grav, epi ogmante pri yo—epi tout sa rive nan yon ane anvan eleksyon. Premye Minis Indira Gandhi, ki te fè yon tou nan Ewòp, te mande pou yo ajoute bilten meteolojik mousson nan ekspoze politik l ap fè chak jou yo. . . .

Sous: Prit J. Vesilind, "Monsoons: Life Breath of Half the World," *National Geographic*, December 1984

6b Endike **de** pwoblèm rejyon ki nan Lend yo genyen lè mousson yo an reta, selon pasaj sa a nan atik Prit J. Vesilind. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 7

. . . Lawisi genyen yon klima ki trè kontinantal akòz dimansyon apik li ak konfigirasyon konpak li. Pifò tè separe a yon distans ki depase 400 kilomèt ak lanmè a, epi sant li a yon distans 3,840 kilomèt ak lanmè a. dotanplis, chenn montay Ris yo, ki bay plis sou sid ak lès, bloke tanperati modere yo ant Oseyan Endyen ak Oseyan Pasifik, men Ewopeyen Ris la ak nòdès Siberi pa genyen pwoteksyon topografik ant Oseyan Aktik ak Oseyan Nò Atlantik. . . .

Sezon livè ki long ak frèt la genyen yon gwo konsekans sou prèske tout aspè lavi nan Federasyon Ris la. Li afekte kote ak konbyen tan moun yo viv ak travay, ki kalite danre yo pwodui, ak kote yo grandi (okenn pati nan peyi a pa genyen sezon kwasans pandan tout ane a). Dire ak gravite sezon livè a, ansanm avèk tanperati mwayèn sezon lete ak livè kap monte desann sevèman sa mete dè demand espesyal sou anpil branch ekonomi an. Nan rejyon Permafrost yo, yo dwe konstwi imèb aletaj yo sou klapaj, machinri yo dwe fèt avèk asye ki espesyalman di, epi sistèm transpò a fèt pou konstwi pou fonksyone yon mannyè fyab nan tanperati ki ekstrèman ba ak nan tanperati ki ekstrèman wo. dotanplis, pandan peryòd fènwa ak fredri pwolonje, genyen plis demann pou enèji, swen sante, ak tekstil. . . .

Sous: www.country-studies.com/Russia/climate.html

- 7 Selon enfòmasyon sa yo nan Country Studies, ki **yon** fason sezon livè frèt yo afekte rejyon permafrost yo nan Lawisi? [1]

Score

Vye Tonton Livè



Sous: Leslie Gilbert Illingworth, November 10, 1941,
Library of Wales, Aberystwyth (adapte)

8 Selon desen sa a Leslie Gilbert Illingworth te kreye a, ki wòl “Vye Tonton Livè” te jwe nan defans Lawisi?
[1]

Score

Dokiman 9

. . . Ekoloji inik Ardalin [yon rejyon Aktik Ris] te defye anplwaye Ris ak anplwaye oksidantal ki t ap travay sou teren pou jwenn nouvo apwòch pou konsève ekosistèm frajil tundra aktik la. Paske tundra frajil sitou nan sezon lete, operasyon konstriksyon ak fouye te fèt sèlman nan sezon livè pou pwoteje tundra a kont konsekans nuizib yo. Yo te bati wout yo nan glas pou fasilite transpò ekipman ak pwovizyon nan kote ki lwen. Lè tè a te deglase, yo te itilize elikoptè pou pote ekipman ak pwovizyon yo. . . .

Sous: IPIECA, "Conoco in the Russian Arctic: Preserving delicate Arctic ecology by minimizing the development footprint and environmental impact"

- 9 Ki *de* fason Ris yo te adapte nan defi pou devlopman tundra a, selon International Petroleum Industry Environmental Conservation Association (IPIECA)? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati A

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk done enpòtan, egzanzp, ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik

Toupatou nan listwa, faktè jeyografik tankou *dezè*, *mousson*, ak *klima frèt* te genyen divès kalite efè sou diferan rejyon.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote w ap

Chwazi *de* faktè jeyografik ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri faktè jeyografik la
- Diskite sou efè faktè jeyografik sa a te genyen sou yon rejyon espesifik oswa sou rejyon yo

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat* dokiman
- Mete lòt enfòmasyon enpòtan ki sòti lòt kote.
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanzp, ak detay
- Itilize yon plan byen òganize lojik epi ki klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

The University of the State of New York

Part I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK JEYOGRAFI
JENERAL

Madi 15 jen 2010 — 1:15 jiska 4:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

Elèv Sèks: Fi

Pwofesè

Lekòl

Ekri repons ou pou Pati I sou fèy repons sa a, ekri repons ou pou Pati III A nan tiliv egzamen an, epi ekri repons ou pou Pati II ak Pati III B nan tiliv redaksyon apa a.

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

Pou pwofesè itilize sèlman

Part I Score	_____
Part III A Score	_____
Total Part I and III A Score	<input type="text"/>
Part II Essay Score	_____
Part III B Essay Score	_____
Total Essay Score	<input type="text"/>
Final Score (obtained from conversion chart)	<input type="text"/>

No. Right

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

